

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina campur gaulna sakabéh manusa ngagunakeun basa, sabab ngaliwatan basa bisa ngébréhkeun sagala pamaksudan. Basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 2004:6).

Basa mangrupa salah sahiji alat komunikasi anu penting dina kahirupan manusa, sabab ngaliwatan basa manusa bisa nepikeun naon-naon anu aya dina uteukna. Fungsi basa numutkeun Kinneavy dina Chaer (1994:33) nya éta fungsi éksprési, informasi, éksplorasi, persuasi, jeung éntertainmen. Lima fungsi dasar ngeunaan basa ngawakilan konsép yén basa mangrupa alat pikeun ngedalkeun ungkaban-ungkaban batin, atawa nepikeun informasi anu hayang ditepikeun ku panyatur ka pangregep.

Basa kabagi jadi dua bagian, nya éta basa resmi anu biasa disebut basa baku jeung basa teu resmi atawa basa non baku anu nalika digunakeunana kudu merhatikeun sababaraha situasi, saperti saha lawan nyaritana, dimana, sarta iraha digunakeunana. Basa baku digunakeun dina situasi resmi, upamana dina situasi rapat, situasi diajar ngajar, surat dines jeung sajabana, sedengkeun basa non baku (basa daérah) umumna mindeng digunakeun salaku basa sapopoé dina situasi anu leuwih rinéh sarta teu resmi, nyalsé, teu nyoko ka lawan wicara anu leuwih luhur posisina saperti dina ragam basa resmi. Dina basa daérah ogé aya aturan-aturan anu kudu diperhatikeun, saperti dina basa Sunda. Ieu aturan téh katitén tina basa Sunda anu dibagi jadi sababaraha tingkatan dumasar kana tingkat kasopanan jeung lemesna éta basa (undak-usuk basa).

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa daérah anu digunakeun pikeun alat komunikasi ku masarakat Sunda sacara turun-tumurun. Basa Sunda miboga sababaraha ragam basa, saperti ragam dialék. Dina basa Sunda aya ragam dialék basa Kuningan, Majaléngka, Cirebon, jeung sajabana. Ayana ragam basa téh bisa

jadi pasualan anyar, nya éta kumaha kudu ngagunakeun basa di lingkungan masarakat.

Kitu deui basa anu digunakeun dina pangajaran di sakola. Pangajaran basa di SMP miboga tujuan sangkan murid ngawasa opat kaparigelan basa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Diajar ngagunakeun basa (nulis) téh, bisa ngasah kamampuh mikir kritis siswa.

Nulis mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa anu kudu dihontal ku siswa anu sipatna produktif, sarta miboga tujuan pikeun komunikasi sacara teu langsung. Ku kituna, panulis kudu miboga kaparigelan pikeun ngadumaniskeun antara struktur basa jeung kosa kecapna. Salah sahiji kaparigelan nulis anu diajarkeun di sakola, utamana jenjang atikan SMP nya éta kaparigelan nulis surat pribadi.

Kaparigelan nulis surat pribadi geus diatur ku Dinas Pendidikan Jawa Barat dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) 2006 mata pelajaran Basa jeung Sastra Sunda pikeun tingkat SMP kelas VIII, nya éta “*Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, esai, laporan, sisindiran, dan guguritan*”.

Dina kanyataanana, siswa SMP kelas VIII miboga bangbaluh dina nulis surat pribadi basa Sunda, nya éta héséna nepikeun atawa ngébréhkeun pikiran lantaran kawatesanan ku kamampuh ngagunakeun jeung milih kosa kecap. Ku kituna, loba siswa anu macorokkeun basa Sunda jeung basa Indonesia atawa basa séjénna dina surat pribadina.

Hymes pakar sociolinguistik dina Sudaryat (2004:13) ngajéntrékeun yén komunikasi ngagunakeun basa kudu merhatikeun kana dalapan unsur, anu diakronimkeun jadi SPEAKING, nya éta: 1) *setting and scene*, nya éta unsur anu patali jeung tempat sarta waktu lumangsungna paguneman atawa obrolan; 2) *participants*, nya éta jalma-jalma (palaku) anu kalibet dina paguneman atawa obrolan; 3) *ends*, nya éta maksud jeung hasil paguneman atawa obrolan; 4) *act sequences*, nya éta hal anu museur kana wangun jeung eusi paguneman atawa obrolan; 5) *key*, nya éta cara atawa motivasi dina ngalaksanakeun paguneman atawa obrolan; 6) *instrumentalities*, nya éta anu museur kana jalur paguneman

atawa obrolan boh lisan boh non lisan; 7) *norms*, nya éta anu museur kana norma paripolah jalma anu aya dina paguneman atawa obrolan; jeung 8) *genres*, nya éta anu museur kana kategori atawa ragam basa anu digunakeun.

Ku ayana masarakat anu multilingual pasti baris aya interferensi, integrasi, sarta alih kode jeung campur kode. Éta opat peristiwa tutur téh gejalaana sarua, nya éta ayana unsur basa séjén anu digunakeun dina tulisan atawa omongan tapi konsep pasualanana béda. Campur kode mangrupa salah sahiji masalah dina lumangsungna kagiatan nyarita.

Kasang tukang ayana campur kode nya éta: 1) identifikasi peranan; 2) idéntifikasi ragam; jeung 3) kahayang pikeun ngébréhkeun sarta ngagambarkeun. Éta tilu hal téh raket pisan patalina sarta silih deudeul.

Thealander dina Chaer (2010:115) nétélakeun yén dina hiji peristiwa tutur aya klausa-klausa atawa frase-frase anu diwangun ku klausa jeung frase campuran (*hybrid clauses, hybrid phrases*), tapi fungsi tina sabagian klausa jeung frase téh patukang tonggong, mangka peristiwa anu lumangsung nya éta campur kode.

Campur kode lumangsung saupama panyatur basa Indonesia ngasupkeun unsur-unsur basa daérahna kana obrolan anu ngagunakeun basa Indonesia atawa sabalikna. Ciri anu pangonjoyna tina campur kode bisa katitén dina situasi non formal.

Ayana masalah campur kode téh bisa nyieun siswa leuwih apik dina milih kekecapan basa Sunda dina waktu diajar, sabab campur kode mangrupa hiji kasalahan dina makéna basa. Ku kituna, dipiharep siswa bisa lancar dina nulis atawa nyarita ngagunakeun dua basa, upamana ngagunakeun basa Sunda jeung basa Indonesia.

Tapi dina prakna nulis atawa nyarita, loba kénéh siswa anu ngagunakeun dua basa kalayan henteu saluyu jeung aturan anu tangtu. Ku ayana éta hal, mangka diperlukeun ayana panalungtikan ngeunaan campur kode, sangkan anu diajak nyarita ngarti kana naon anu keur dicaritakeun sarta bisa ngagunakeun basa kalayan bener.

Dina panalungtikan saacanna aya sababaraha panalungtik anu geus medar ngeunaan campur kode. Éta panalungtik téh nya éta Risma Dwi Gustiana anu

nalungtik ngeunaan *Campur Kode dina Paguneman Siswa RSBI Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung* (2011), Kamilah Intan Hartati anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Naskah Khutbah Juma'ah Ditilik tina Segi Morfologi* (2004), Karsim anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode Basa Jawa kana Basa Sunda di Wewengkon Tangkolo Desa Tegalurung Kecamatan Cimalaya Kulon* (2010), Rahmasari Aulia Khotimah anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode Basa Sunda jeung Basa Indonesia dina Kagiatan Diajar Kelas II SDN Sentra Masekdas II Kalurahan Suka Asih* (2010), Lesi Nursintawati anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Naskah Biantara Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung* (2008), Ade Herni Nurkolbi anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012* (2011), Sri Supartini anu nalungtik ngeunaan *Tilikan Morfologi Campur Kode Sunda – Indonesia dina Pagelaran Seni Banyolan Longsér di STV Bandung* (2007), jeung Nita Novita Permatasari anu nalungtik ngeunaan *Campur Kode dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun* (2012).

Tina sababaraha judul panalungtikan anu geus aya, panalungtikan ngeunaan campur kode masih perlu dilaksanakeun. Sasaruana tina ieu panalungtikan téh nya éta sarua nalungtik ngeunaan kasalahan makéna basa, hususna ngeunaan campur kode. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén nya éta dina sumberna, utamana nu sumber datana surat pribadi, kumaha jeung nepi ka mana campur kode basa Sunda jeung basa séjén dina surat pribadi. Ku kituna, panulis ngayakeun panalungtikan anu judulna “*Campur Kode dina Nulis Surat Pribadi Siswa Kelas VIII SMPN 1 Lembang*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Campur kode téh nya éta kaayaan pacampurna kecap hiji basa jeung basa séjén dina basa anu digunakeun. Ambahan campur kode nyoko kana wanda, faktor, jeung wangun-wangun kecap anu digunakeunana. Latar basa anu digunakeunana ogé bisa béda-béda. Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan téh ngan ukur ngeunaan campur kode anu aya dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang. Pedaranana ngawengku wanda, wujud, jeung faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dipiharep bisa méré pituduh pikeun ngumpulkeun data anu aya patalina jeung pananya anu aya dina rumusan. Rumusan-rumusan masalah anu aya dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Wanda campur kode naon waé anu aya dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang?
- 2) Wujud campur kode naon waé anu kapanggih dina nulis surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang?
- 3) Faktor naon anu mangaruhan kana lumangsungna prosés campur kode anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngungkulan pasualan atawa kahéngkérana dina widang atikan jeung pangajaran hususna dina pangajaran basa Sunda, nya éta nulis surat pribadi pikeun SMP kelas VIII.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) pola campur kode anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang;
- 2) wujud campur kode anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang; jeung
- 3) faktor-faktor anu mangaruhan kana lumangsungna prosés campur kode anu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII SMPN 1 Lembang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtu miboga mangpaat. Kitu deui dina ieu panalungtikan. Mangpaat anu baris dihontal dibagi jadi dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu aya dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngajembaran ambahan élmu sosiolinguistik minangka élmu anu maluruh basa katut makéna basa di masarakat. Ngajembaran élmu sosiolinguistik di dieu leuwih museur kana widang karagaman basa. Jadi, campur kode bisa diasupkeun kana ragam basa anu mangrupa masalah anu aya di masarakat multilingual.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun guru, méré informasi yén dina kagiatan diajar-ngajar utamana dina kagiatan nulis surat pribadi loba siswa anu salah dina ngagunakeun basa;
- 2) pikeun murid, méré informasi ngeunaan kasalahan makéna basa;
- 3) pikeun sakola, méré informasi yén di sakola loba kénéh murid anu masih salah dina ngagunakeun basa;
- 4) pikeun masarakat, méré informasi ka balaréa yén campur kode mangrupa hiji masalah dina masarakat anu multilingual; jeung

5) pikeun nu nalungtik, nambahan pangaweruh ngeunaan campur kode.

1.5 Sistematika Panulisan

BAB I BUBUKA, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panulisan.

BAB II LANDASAN TIORI, anu ngawengku ngeunaan tiori anu aya patalina jeung masalah anu ditalungtik di antarana medar ngeunaan campur kode jeung kasalahan makéna basa.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN, anu medar ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, saperti sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV ANALISIS CAMPUR KODE, anu ngawengku data jeung hasil panalungtikan.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN, anu ngawengku kacindekan jeung saran.

DAPTAR PUSTAKA, anu ngawengku ngeunaan judul-judul buku anu digunakeun salaku sumber tiori dina skripsi.